

# Mwen menm, Ou menm, Nou menm

Aprantisaj sosyo-emosyonèl pou timoun ki gen laj 2 jiska 5 an  
ak pou gramoun ki responsab timoun yo

**Kit sa a chaje ak ide pou ede pitit ou devlope ak mete an pratik kapasite sosyo-emosyonèl li yo.**

## Kisa devlopman sosyo-emosyonèl ye?

Se fason timoun aprann...

- Konprann tèt yo
- Konekte ak byen konpòte yo ak lòt moun
- Vin endepandan ak fè bon chwa

## Ki egzanp kapasite sosyo-emosyonèl ki genyen pou jèn timoun?

Se kapasite ki enpòtan, tankou aprann...

- Konprann kijan ou santi w ak bay sa w santi a yon non
- Jere gwo emosyon ak kontwole konpòtman w yo
- Eseye konprann santiman lòt moun
- Jwenn fason pou konsidere santiman lòt moun
- Travay byen ansanm ak lòt moun lè yap suiv enstriksyon epi aprann tann tou pa yo
- Rezoud pwòp pwoblèm ou

Timoun bezwen kapasite sosyo-emosyonèl ki solid pou lavi toulejou ak pou yo reyisi lekòl. Kapasite sa yo bay timoun yo zouti yo bezwen pou yo ka gen pwòp pèsonalite pa yo. Yo ede timoun fè zanmi, tou, e yo vin amelyore nan travay yo, nan jwe ak nan aprann ansanm.

Tout kapasite sosyo-emosyonèl pran tan pou aprann e li enpòtan pou kòmanse lè timoun yo jèn. Menm tibebe ap devlope kapasite sa yo! Pitit ou ka mete an pratik kapasite sosyo-emosyonèl grasa jwèt ak entèraksyon li fè ak lòt moun chak jou. Men yo bezwen lanmou w, sipò w ak pasyans ou!

## Kisa ki nan Kit la

- Anpil materyèl pou gramoun ak timoun itilize ansanm
- Fich aktivite pou ba ou ide sou fason pou mete an pratik kapasite sosyo-emosyonèl yo ansanm ak pitit ou





## Ti konsèy pou itilize kit sa a (epi tou pou pratike kapasite sosyo-emosyonèl yo, anjeneral!)

- **Pase tan ansanm ak pitit ou.** Aktivite ki gen nan kit sa a se aktivite pou granmoun ak timoun fè ansanm. Chita atè epi jwe ansanm ak pitit ou. Montre w enterese nan sa pitit ou ap fè a.
- **Kite yo dekouvri bagay yo.** Anpil timoun bezwen tan pou yo dekouvri materyèl yo avan yo eseye yon aktivite espesifik. Kite pitit ou jwe ak materyèl ki gen nan kit la. Lè w panse yo pare, eseye yon bagay ki nan youn nan fich aktivite yo.
- **Kontinye ak woutin ou yo.** Jèn timoun yo santi yo ansekirite e yo santi yo pare pou yo aprann lè w suiv yon woutin. Orè regilye pou tan jwèt, pou manje, ak pou dòmi enpòtan – avèk tou moman ki plen emosyon, patisipasyon kote chak moun tann tou pa yo ak suiv enstriksyon. Eseye suiv menm woutin ou yo. Anpil chanjman ka fè aprantisaj nouvo bagay yo vin pi difisil toujou.
- **Bay ankourajman.** Kapasite sosyo-emosyonèl yo pa fasil. Pitit ou gendwa pa fè yon bagay nan bon fason an premye fwa a. Felisite yo lè w wè yo vle eseye yon bagay ankò e ankò.
- **Eseye pran pasyans avèk yo.** Chak timoun devlope kapasite sosyo-emosyonèl yo nan pwòp rit pa yo. Anpil granmoun mande timoun yo fè aktivite avan timoun yo pare toutbon vre. Pran yon gwo souf epi kite pitit ou pratike.
- **Montre emosyon w yo.** Tout moun gen emosyon. Pale sou kijan ou santi w. Bay egzanp sou fason ki sen pou eksprime pwòp emosyon w.
- **Aji fason ki komik.** Bay blag, fè ti dans ki komik epi ri. Lè nou pase yon bon moman ansanm sa ede nou bati koneksyon ki solid.
- **Pran poz.** Aprantisaj kapasite sosyo-emosyonèl se yon travay ki difisil. Si oumenm oswa pitit ou bezwen yon poz – pran !!
- **Suiv sa ki atire atansyon pitit ou.** Nan fich aktivite ki nan kit sa a nou pwopoze kèk aktivite pou eseye. Men gen anpil lòt fason pou fè bagay yo. Obsève kisa ki enterese pitit ou – epi fè tankou li!

### Jwèt enpòtan!

Jwèt se pi bon mwayen pou timoun aprann mete kapasite sosyo-emosyonèl yo an pratik. Lè yo jwe poukont yo, bò kote, oswa ansanm ak lòt, timoun aprann kiyès yo ye ak pi yo aprann de mond yap viv ladan an. Yo...

- Chèche konprann emosyon yo
- Devlope konfyans lè yo fè pwòp chwa pa yo ak lè yo fè bagay nan pwòp fason pa yo
- Aprann apati erè ak siksè yo
- Aprann osijè lòt moun
- Antrene pou yo wè bagay yo nan fason lòt moun wè yo tou

Jwèt se yon zouti pwisan nan aprantisaj.